ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№240 (23.648) ● 2017 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 15, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Гу зылъытапхъэ

Дыгъэгъазэм и 20-м сыхьэт 18-м «Россия-1» (КъБР) каналым занщІэу эфирым кІуэуэ къыщыпсэлъэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий

Фи упщІэхэр евгъэхь хъунущ мы электрон адресхэмкІэ:
press-glava@kbr.ru, online-glavakbr@mail.ru
е 8(8662) 40-76-19, 8(8662) 40-43-07, 8(8662) 40-67-56
телефонхэмкІэ фыпсалъэу яжефІэ хъунущ махуэ къэс сыхьэти 9-м щыщІэдзауэ 18-м нэсыху.

● Путин Владимир и пресс-конференц

Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэр къыхэщу

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ илъэсым и кІэм къыздэгъэпэщ хабзэ пресс-конференц иныр. Абы хэта журналистхэм я бжыгъэр мы гъэм нэхьыбэт - щыІуу 1640-рэ. Иджы епщыкІущанэу екІуэкІа пресс-конференцыр Путин и ещанэ тетыгъуэм и еханэ хъуащ. Сыхьэт зыбжанэкІэ екІуэкІа зэІущІэм, дауи, къыщаІэтащ президент хэхыныгъэр къызэрыблагъэм теуха упщІэр. Апхуэдэуи, журналистхэм Іэтащхьэм ираташ Украинэм, Сирием, КНДР-м, США-м, Олимпиадэм, санкцэхэм, экономикэм, налогхэм, мэкъумэщ Іэнатіэм, нэгъуэщІхэми я теуха упщІэхэр.

ДГЪЭЗЭЖЫНЩ яп упщІэмкІэ. **Кнорре Дарье** («Говорит Москва»): «Владимир Владимирович, сыт хэхыныгъэхэм ущІыхьыхьар? Сыт хуэдэ мурад уиІэр? Сыт Урысейм щхьэкІэ пщІэну уи гугъэр? Хэхыныгъэхэм ущытекІуэмэ, уи тетыгъуэ пІалъэр щичхкІэ сыт хуэдэу пльагъуну хуэйуг ди къэралыр»?

- Фэ зэрыфщІэщи, зэІущІэ куэдым сыщытепсэлъыхьащ Урысейм и къэкІуэнур зыхуэдэнум теуха си гупсысэм, - жиІащ Путин Владимир. - Иджыри зэ къытегъэзэжынщи: къэкІуэнум дыхуэплъэу щытыпхъащ, иджырей мардэхэм тету зыдужьын хуейщ, политикэ ухуэкІэр ди нэІэ щІэту, экономикэм и лъабжьэр технологиещІэжымкІэ дгъэбыдэу, къыщІэргъэжІыр хэдгъахъуэу дылэжьапхъэщ. Сэ сыхуейкъым иджыпсту, адрей кандидатхэми хуэдэу, хэхыныгъэм зэрызыхуэзгъэхьэзырыр утыку къисхьану, ауэ унафэщІхэмрэ жылагъуэмрэ нэхъ зытелэжьапхъэм сыкъытеувыІэщ. Ар инфраструктурэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм зегъэужьныращ. А псори къыщыІуэдгъэпэщыр, щэч хэмыльу, ди цІыхухэм я хэхъуэр едгъэфІекІуэныращ.

Юнашев Алексей («Лайф Ньюс») упщІэ гъэгъэнкІэ зыхуигъэзащ Президентым. Абы къыхигъэщащ Путиным нэмыщІ, президент хуэм хуейуэ зыкъэзыгъэлъагъуэкэр зэрыгуащІэмащІэр. «Кандидат етІуанэ» ди къэралым щІимысым и щхьэусыгъуэр сыт?», - щІэупщІащ ар.

Къэрал унафэщІым жиІащ: «Политикэ властым пэщІэтыфын къару дыщІимыІэр сыт? Куэд щІауэ къокІуэкІ апхуэдэу. Абы и щхьэусыгъуэр ди щІалэгъуалэм 90 гъэхэм екІуэкІар зэрамыщІэрщ, зрагъэпщэн зэрамыгъуэтырщ. Къапщтэмэ, 2000 гъэ лъандэрэ ВВП-р - процент 75-кІэ, промышленнэ Іэнатіэр процент 70-кІэ хэхъуащ, 2000 гъэм елъытауэ улахуэр хуэдизкІэ ныкъыкІэ, пенсэр хуэди 3,6-кІэ нэхъыбэ хъуащ. КъалъхуагъащІэу лІэж сабийхэм я бжыгъэр хуэди 2,6-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Демографие щытыкІэр зэредгъэфІэкІуэр нэрылъагъущ, иджыри абы гулъытэ игъуэтынущ.

ЦІыхур ику иту зэрыпсэур нэхъыбэ хъащ, илъэс 65-уэ щытамэ, иджы илъэс 73-рэ хьуху мэпсэу. Граждан зауэ щытыкІэм диту илъэсипщІым нэблагъэкІэ дыпсэуащ, ди щІалэгъуалэр щэпІудзу. Иджы ди дзэм феплъ. Къэралым и мылъку гъэтІылъар хуэдэ 30-кІэ хэхъуащ. Оппозицэм и гугъу щытщІкІэ, утыкум Іэуэлъауэу итын хуейуэ аракъым, атІэ хэкІыпІэр, нэхъыфІыр, гъэзэгу захуэр ягъэлъэгъуэфынырщ нэхъыщхьэр. Иджыкі цІыхухэм абы хэм дзыхь хуащІыркъым», - жиІащ Путиным.

Езым зыкъигъэлъэгъуэжрэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэм е партым къыбгъэдэкІрэ? А упщІэм и жэуапу къэрал унафэщІым жиІащ езым зэрызыкъигъэлъэгъуэжыр, ауэ и епльыкІэр къыдэзыІыбгъ, къэралым и зыужьыныгъэр дзыхь къыхуэзыщІ политикэ къарухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ и Іуэхур къызэрыдаІыгъынур и фІэщ зэрыхъури нэхъыбэу хигъэщащ.

Тэтэрстаным щыщ журналистым и упщІэр теухуат анэдэлъхубзэм и Іуэхум иджыпсту куэд зэригъэгъзавэм. Абы и жэуапу УФ-м и Президентым жиІащ лъэпкъ Іуэхур дэкъуэуэ зэрызымыгъэр, бзэм теухуауэ екІуэкІ псалъэмакъэмрэ Іуэхухэмрэ зыхуэунэтІар зыщ - Президент Федерацэм и сабийхэм зауэныбмкІэ зэхуэдэ Іэмал яІэныщ. «Анэдэлъхубзэр бгъэшэрыуэу, урысыбзэр умыщІэныр щІагъуэкъым, еджапІэ нэхъыщхьэхэм зэрыщагъаджэр урысыбзэщи. Ауэ лъэпкъыбзэхэр егъэджыныр зыхуей хуэзэу къызэдгъэпэщын хуейщ, бзэ зэмыщхь куэд дызэриІэрщ дэ ди къулеигъэр»,- жиІащ Путин Владимир.

Экономикэм теухуа упщІэ куэд иратащ унафэщІым. Абыхэм ящыщт «Российская газета»-м и журналист **Латухинэ Кирэ** и упщІэри - Правительствэм сытым дежи зи гугъу ищІ экономикэ зыужьыныгъэм лъабжьэ хуэхъур сыт?Ар бжыгъэ къудейуэ щыт, хьэмэрэ, трактор, компьютер, станок хуэдэхэр нэхъыбэу къыщІэдгъэкІ хъуа?

Экономикэм зэрызыужьыр нэрылъагъуу зэрыщытыр, абы и гъэтІыныгъэ псоми хэхъуэ зэраІэр, гъавэу къытраухьажьр проценти 3-кІэ нэхъыбэ зэрыхъуар, нэгъуэщІ къэралхэм иращэм зэрырохьуэр, санкцэхэр къызэрызэдзкІар, ди мылъку нэхъыщхьэм инвестицэу проценти 4,2-рэ къызэрыхалъхьар, хамэ къэрал инвестицэу ди къэралым долар мелард 23-рэ къызэрыкІуар, инфляцэр проценти 5,2-рэ фІэкІа зэрымыхъур, - жиІащ Путиным. «Абыхэм тепщыхьмэ, Правительствэм жиІэр пажщ. Апхуэдэу адэкІи екІуэкІмэ, гъуэгу захуэм дызэрытетым щыхьэт дытехъуэнущ», - къыжиІащащ къэрал лЫщхьэм.

Илъэс зыбжанэ хуауэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм щекІуэкІ зэхуэхІыныгъэхэмрэ зыужьыныгъэхэмрэ зэлъытар УФ-м и Президентым къыдигъэкІа накъыгъэ унафэхэрщ. Абы теухуа упщІэкІэ Путин Владимир зыхуигъэзащ Янэ каналым и журналист Верницкий Антон. Ахэр гъэзэщІа зэрыхъум арэзы къызэрищІым щыщІэупщІэм, Путиным жиІащ процент 93-94-кІэ а Іуэхур къызэрехьулІар, бюджет Іэнатіэм щылажьэхэм я улахуэр зэрыхэхъуар, кхъыкІ хъуа унэхэм щІэс куэд зэрагъэІэпхъуар, сабийхэр здагъакІуэ гъэсапІэхэмкІэ чэзум пэплъэ зэрыщымІэжьыр. ЩІыпІэ зыбжанэм иджыри гугъуехьхэр зэрыщыІэр, ауэ зэрыщытыр къапщтэмэ, накъыгъэ унафэхэр арэзы укъищІу зэрагъэзащІэр игъэбелджылащ Президентым.

Пенсэ ныбжьыр хэгъэхъуэным теухуауэ къекІуэкІ псалъэмакъэм щІыхухэр хуабжьу зэрытепсэлъыхьым къыхэкІыу, абы теухуа упщІи къыщыІуащ зэІущІэм. «А Іуэхум теухуа унафэ иджыри къэтщтакъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, епльыкІэ зэмыщхьэр щыІащ. Абы къыпэкІуэну фІыри Іейри зэхэгъэкІын хуейщ апэщІыкІэ. Нэхъыщхьэр - пенсэ кІуахэм зыкІи яжьэхуэунукъым дяпэкІэ къэхуну зэхъуэкІныгъэхэр, икІи ар цІыхур къэзыгъэІэбжьын унафэу щытынукъым. ЦІыхухэми я епльыкІэр къэльытауэ, фІыуэ егупсысауэ къэщтэн хуей унафэщ ар», - жиІащ Путиным.

Пресс-конференцым къэрал зэхуэщытыкІэхэми щытепсэлъыхьащ. Китаймрэ Украинэмрэ США-м, Польшэм, Сирием щекІуэкІ Іуэхугъуэхэмрэ Урысей Федерацэм къыздэкІыжьыгъэ теухуа упщІэхэр къэІуащ.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къикІа журналистыр щІэупщІащ УФ-м и унафэщІхэмрэ Трамп и гупым хэтхэмрэ зэрызэпыщІам, президентІыр зэрызэхущытым. Путиным жиІащ я зэхущытыкІэр ефІэкІуэну зэрыщыгугъыр. «Дызэкъуэузэ длэжьын куэд щыІэщ», - кІыжьгъащІащ къэрал унафэщІым.

Ди хэкуми, хамэ къэралхэми щыщ журналистхэр зыщІэупщІэнур куэдт икІи щэ бжыгъэм псалъэ къалъымысу къэнащ. Сыхьэти 3-рэ дакъикъэ 50-кІэ екІуэкІа зэІущІэм Путин Владимир упщІэ 54-м жэуап щритащ. Жылагъуэр нэхъыбэу зыгъэгузавэ къэрал кІуэцІ, къэрал щІыб политикэм теухуа упщІэ нэхъыщхьэхэр къыщыІуащ конференцым, УФ-м и Президентым абыхэм зэпкърыхауэ жэуап яритащ.

Путин Владимир къызэхуэсасэм Илъэсыщ къэблагъэмкІэ екъуэхъуащ икІи урысей прессэм къэралым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр къыхигъэщащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Пресс-конференцым щІидзэным къэнэжар дакъикъэ бжыгъэщ. *2017 гъэ, дыгъэгъазэм и 14.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр тепсэлъыхьащ Урысейм и Президент Путин Владимир иригъэкІуэкІа пресс-конференцыр къыззрыщыхъуам

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий. тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир дыгъуасэ иригъэкІуэкІа пресс-конференцыр къыззрыщыхъуам.

КІУЭКІУЭ Юрий къыззрилъытэмкІэ, Президентым къиІэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Урысейр экономикэ зыужьыныгъэ зэпІэзэрытым и гъуэгум зэрытеувэжар, къэралым дяпэкІи промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, социальнэ Іэнатіэм зэрадзэпхъыкъуар, узыншагъэр хъумэныжьрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьныныжьрэ программэхэр зэрагъэзэщІэнур.

«ЩІыналъэхэм щыІэ гугъуехь нэхъыщхьэхэр гъэхуауэ икІи гурыІуэгъуэу зэпкърихащ. Апхуэдэ Іуэху пыухыкІахэм ящыщщ щІыналъэм езым къызэригъэпэщыж хэхъуэхэм я зэхуэдитІым коммерческэ щІыхуэхэр фІигъэкІ зэрымыхъунур. Псом хуэмыдэу абы мыхьэнэшхуэ иІэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэдэ щІыналъэхэм папщІэ. Илъэс къэдкІэ зэтрихьа апхуэдэ щІыхуэхэр республикэм и бюджетым и процент 75-рэ мэхъури, абы хуабжьу къелъахъэ зыужьыныгъэм пыща лэжьыгъэхэр. Къэпсалъэм къигъэлъэгъуащ апхуэдэ унафэр щІыналъэхэм «зэакъылэгъуу зэрыщыдаІыгъар». Ди дежкІэ ар хэкІыпІэхэм ящыщ зыщ икІи республикэ бюджетым и хэхъуэр гъэбегъуэныжькІэ щыІэ Іэмалхэр къэгъэсэбэныным щыигъуу, абы зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкІэ куэд зэфІигъэкІынущ.

Нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ щІыхуэхэм я псэукІэр егъэфІекІуэным зэпымыууэ егупсысу зэрыхуейр. А къалэныр гъэзэщІэным дэ ерыщу дытелажьэнущ»,- къэхьигъэщхьэхэкІащ КІуэкІуэ Юрий.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапэ.

КІуэкІуэ Юрий хуэзащ суратхэм, кинодокументалист цІэрыІуэ Ланге Антон

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм щыхуэзащ урысей суратхэм, кинодокументалист цІэрыІуэ Ланге Антон.

КИНО, суратхэр зэрыщІэгъуэн куэд зыгъэхьэзыра Ланге Антон республикэм и ХьалащхьэмкІэ дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм утыку къыщрилъхьащ иджыблагъэ триха «Къуршхэр. Тенджизи-тІым я зэхуакум дэт Кавказ» фильмыщІэр. Ар Кавказ Ищхьэрэ, Ипщэ федеральнэ округхэм я щІыуэпс гъуэзэджэм теухуауэ. Ланге Антон зэрыжиІамкІэ, фильмым увыпІэ хэха щыгъуэ Кавказым и налкъутым - Евролэм щынэхъ пльагэ дыдэ Іуащхьэмахуэ щыгум: Си дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэу къызэлъытэ мы лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым утыку къыззрыщислъхьам, сыту жыпІэмэ фи щІыналъэм щыпсэухэм жаІахэр икъукІэ си гум къинащ».

КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщащ Ланге Антон и фильмыр щэч къызытумуыхьэжьи ехъулІэныгъэу зэрыщытыр. «Ди деж куэду щыІэщ суратехьным, документальнэ кино гъэхьэзырыным я иджырей технологиехэм щыгъуазэ защІыну хущІэкъу ныбжьыщІэхэр. Иджыпсту дэ дыхоплъэ художественнэ суратхэр техныкІэ студие республикэм къыщызэгъэпэщыным. Абы и лъэныкъуэкІэ уэ бгъуэта Іэзагъыр, творчествэм уэзрелпІыр, щэч хэмылъу, щІалэгъуалэм хуабжьу яфІэтэщІагъуэ нынущ», - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ Балъкъэр Фоусэт къыззралъхурэ илъэс 85-рэ зэрырикъум теухуа Іуэхугъуэхэм фрегъэблагъэ 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м

А махуэм сыхьэт 15-м КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ Балъкъэр Фоусэт щыпсэуа унэм (Налшык, Пушкиным и уэрам,) фэеплъ пхъэбгъу кІэралъхьэнущ.

Мэлбахьуэм и цІэр зезыхьэ Пушкин библиотекэм сыхьэт 16-м къыщыІэуакынущ усакІуэм теухуа творческэ пщыхьэщхьэ, тхылъ выставкэ.

ФыщІэупщІэ хъунущ 42-43-13 телефонымкІэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр зэрекІуэкІыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кІэпІейкІи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

☸ Ди къуэш республикэхэм

ЦІыху мин 90-м щІигъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Мы гъэм и мазэ 11-м КъШР-м и «Фо псыкъельэхэр» зыгъэпсэхуплэм щыІащ цІыху мин 90-м щІигъу.***

«АР КАВКАЗЩІ» зыгъэпсэхупІэм и унафэщІ Боташев Мусса зэрыжиІэмкІэ, кхахуэкІуэхэм я нэхъыбэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыпсэухэращ. КІуэ пэтми къахохьуэ Кавминводхэр санаторэхэм зыщызыгъэпсэхуэм ящыщу зыплъыхьакІуэ къакІуэхэм.

«Фо псыкъельэхэр» Іуэхущ Іапэм транспорткІэ екІуэпІэныр нэхъ тынш хъун папщІэ, мы гъэм и гъатхэм яухуэу щІадзащ километри 7,3-рэ хъу автомобиль гъуэгур икІи 2018 гъэм ар къыззІуахынущ.

Андырхъуей Хъусен и музей

АДЫГЕЙ. ***Республикэм сом мелуан 1,5-рэ хухихащ Совет Союзым и ЛІыхъужь, усакІуэ Андырхъуей Хъусен и музейр зэгъэпэщыжынымрэ.***

«АНДЫРХЪУЕЙ Хъусен и гъащІэр уэзрыпсэуным, Хэкур фІыуэ лъагъун зэрыхуейм и щапхъэщ. Дэ дрогушхуэ ди лъахэгъум, и гъащІэр кІэщІ хъуами, куэд зыхуэзэфІэкІам. Мыхьэнэшхуэ иІэу къызэлъытэ республикэм щыпсэухэри абы и хьэщІэхэри мы музейм къэкІуэным, псом хуэмыдэу къытщІэхъуэ щІэблэр. Музейм щылажьэхэм фІыщІэ яхуэощІ ПЫухъжьым и фэеплъщ зэрымэм папщІэ», - жиІащ республикэм и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат.

Музейм и унэр 80 гъэхэм ХьэкІурынэхьэблэ къуажэм щыхуауэ щытащ. Абы щІэлъщ экспонат 1830-м нэблагъэ, Андырхъуей Хъусен и гъащІэмрэ лэжьыгъэмрэ теухуа тхыгъэхэри яхэту.

1941 гъэм политрук нэхъыщІэ Андырхъуей Хъусен ЛІыхъужьыгъэ хэлъу щыхэкІуэдащ Луганск областым и Дьяков къуажэм деж щекІуэкІа зауэ гуащІэм. Украин къуажэм щыпсэухэм нобэми ящыгъупщэркъым адыгэлІ нэсым и лІыхъужьыгъэр, гулъытэ хуащІ и фэеплъым.

Егъэджакіуэ нэхъыфіхэр къыхах

АБХЪАЗ. ***Къэрал филармонием щагъэлъэпІащ «Абхъазым и егъэджакІуэ нэхъыфІ» зэпеуэм щытекІуэхэр.***

РСПУБЛИКЭМ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Ченгелие Медея зэрыжиІамкІэ, мы гъэм Абхъазым и егъэджакІуэ нэхъыфІхэр къыхахащ бгъэдыхьэкІэщІэм тету. Нэхъапэм «Илъэсым и егъэджакІуэ нэхъыфІ» зэпеуэр илъэс къэс ирагъэкІуэкІырт. Иджы абы хэтынухэр къыхахащ иужьрей илъэсищым зыІэрагъэхьа екъулІэныгъэхэм тещІыхьауэ.

«Абхъазым и егъэджакІуэ нэхъыфІ» зэхъэзэхуэр 2001 гъэ лъандэрэ ирагъэкІуэкІ. ЕгъэджакІуэ, гъэсакІуэ, класс унафэщІ нэхъыфІ зэпеуэхэм хэта егъэджакІуэ 20-р кІэух Іыхьэм кІуащ.

Егъэджакіуэ нэхъыфіу къалъытащ абхъазыбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэхэу Пилие Светланэ (Гагрэ), Киртадзе Светланэ (Очамчыр), пэщІэдзэ классхэм щезыгъаджэхэу Синчавэ Маринэ, Адлейбэ Ноннэ (Сухьум), Мацапие Анжелэ (Гудаут).

УЭРДОКЪУЭ Женя.

НОБЭ

♦Шейм и дунейпсо махуэщ

♦Зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда журналистхэм я фэеплъ махуэщ

♦УФ-м и Зауэ-Хьэуа Къарухэм я радиотехникэ дзэхэр къыщыззрагъэпэща махуэщ

♦1699 гъэм Урысейр Юлиан махуэгъэпсым хуэкІуащ. 1700 гъэм къыщыщІэдзауэ илъэсыщІэр къыщрагъэхьэр щыщыІыхьэм (январым) и 1-рщ, зэрыщыта фокІадэм (сентябрым) и 1-м и пІэкІэ.

♦1749 гъэм Дон ІусРостов къалэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

♦1905 гъэм Санкт-Петербург «Пушкиным и унэр» - РАН-м урыс литературэмкІэ и институтым и Литературнэ музейр - къыщыщІэуахащ.

♦1917 гъэм Дзэ Плъыжьым и ящэ нагъыщІэр - Вагъуэ плъыжьыр - къащтащ.

♦1921 гъэм РСФСР-м и ВЦИК-м и деж Къэбэрдей автоном областым и лІыкІуэ щыІэныр хабзэу агъэуващ.

♦1972 гъэм ООН-м дыкъэзыуухъурееихь дунейр хъумэныкІэ и зэгухьэныгъэр (ЮНЕП) къыщызэрагъэпэщащ ЛъэпкъэЗэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм Стокгольм щрагъэкІуэкІа я конференцым.

♦Франджы инженер, гъуэщым къыхэщыкІа ухуэныгъэхэр проект щІыныжьмкІэ Іощагъэлі **Эйфель Александр** къызэралъхурэ илъэси 185-рэ ирокъу. Араш къэзыгупсысар дуней псом щыцІэрыІуэ, иджы абы и цІэр зэрихьэу Париж дэт Эйфель чэщанэр.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБАССР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Балъкъэр Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, публицист **Джэдгъэф Аслъэмырзэ** и ныбжьыр илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мамбэт Хьэлым** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дзу Іэбубэчыр** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ло Инал** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Политик, къэрал лэжьакІуэ **Грызлов Борис** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къэзан Аслъэндджэрий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыхь зиІэ и журналист **Мыз Майе** къыщылъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Жаіэр къос, ясэр къокІ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхухэр эдэпсалъэ хъун телефонхэр:
8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

ЯхуэзэфIэкIар къапщытэж

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министр Емуз Нинэ дыгъэгъазэм и 13-м иригъэкIуэкIащ Хабзэр къызэпемыгъэудынымкIэ Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт республикэ комиссэм и зэIущIэ.

● КъБР-м и Правительствэм

КъБР-м и МВД-м Iулъхьэм пэщIэтынымрэ экономикэ шынагъуэншагъэмкIэ и управленэм и унафэщI **Мусатов Дмитрий** тепсэлъыхьащ хабзэм къемызэгъыу ящэ дафэхэкIхэр къыщIэгъэщынымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэм. Абы жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лиценз1э ал1эу апхуэдэ Iуэхущ1апIэу 14 зэрыщIэр, ауэ 8-м фIэкIа зэрымылажьэр. Лажьэхэм ящыщу 2-м спирт, 6-м фадэхэкI къыщIагъэкI. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, 2017 гъэм и мазэ 11-м къриубыдэу республикэм и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм Iуэхугъуэ 201-рэ хабзэм къемылъэгъыу фадэ къызщIагъэкIауэ е ящауэ ятхащ. Абыхэм я нэхъыбэр (157-р) теухрауэ щытащ фадэ нэпцIхэр нэгъуэщI щIыналъэхэм зэрашэм. Псом хуэмыдэу Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм къикIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым къашэхэр къапщытащ. Хабзэм къемызэгъыу фадэ къызыщIэкIауэ е ящауэ ятхащ. Абыхэм я нэхъыбэр (157-р) теухрауэ щытащ фадэ нэпцIхэр нэгъуэщI щIыналъэхэм зэрашэм. Псом хуэмыдэу Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и гъэзэгъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэзыпщыта федеральнэ пункти 2 щолажьэ, Малкэ, Урыху къуажэхэм хуэззу. Абыхэм рентген Iэмэпсымэхэр щыгъэуващ, машинэ хьэльэзешэхэм ярылъыр къигъэлъагъуэу.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ, спирт зыхэт фадэхэкIхэр хабзэм къемызэгъыу къызэрыщIагъэкIыпхьэ ахэр зэращэмрэ теухрауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэр хуэдитIкIэ нэхъ мащIэ хъуащ. 2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м ирихьалIэу хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм апхуэдэ щIэпхъаджагъи 129-рэ къыщIагъэщащ. 17-р щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэм ящыщщ, 32-р мылькушхуэм епхащ. Гъэпщ1кIуауэ ягъэлажьэ цех 15 КъБР-м и МВД-м и лэжьакIуэхэм 2017 гъэм къыщыщIагъэщащ, Бахьсэн, Аруан, Лэскэн, Шэджэм, Прохладнэ щIыналъэхэм, Налшык къалэм. Псоми зэхэту къыщIахащ спирт зыхэт фадэхэкI литр мин 63-рэ 110-рэ, ящэну ягъахьэзыра птулькIэ мин 44-рэ 243-рэ, федеральнэ маркэ нэпцIу мини 5-рэ 956-рэ.

2017 гъэм и мазэ 11-м полицэм и лэжьакIуэхэм къытрахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэхэм хабзэм къемызэгъыу щызэрагъакIуэ этил спирт зыхэт фадэу литр мин 367-рэ 945-рэ, фадэ хьэзыру - литр мини 169-рэ 28-рэ, федеральнэ маркэ хэха нэпцIу зы мелуанрэ мини 166-рэ 485-рэ. Фадэр зеГъэкIуэнымкIэ федеральнэ Iэнатlэм иракIутын пащIэ ираташ фадэ литр мин 314-рэ 20-рэ, этил спирт зыхэту литр мин 280-рэ 557-рэ.

Мусатов Дмитрий жиIащ Iуэхущ1апIэу 6-м я унафэщIхэм екъэлIауэ уголовнэ Iэнатlэм и ракIутын пащIэ ираташ фадэ литр мин 314-рэ 20-рэ, этил спирт зыхэту литр мин 280-рэ 557-рэ.

Мусатов Дмитрий жиIащ Iуэхущ1апIэу 6-м я унафэщIхэм екъэлIауэ уголовнэ Iэнатlэм и ракIутын пащIэ ираташ фадэ литр мин 314-рэ 20-рэ, этил спирт зыхэту литр мин 280-рэ 557-рэ.

- ЗэрыхуэдэфащэмкIэ, фадэм екъэлIауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэр къыкIуэну зэманми нэхъ мащIэ тхуэщIынуц. АбыкIэ ди щIэгъэкъуэнщ 2017 гъэм Уголовнэ кодексым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр. Псалъэм папщIэ, уголовнэ жэуапым дяпэкIэ епшэлIэну хуит уащI хабзэм къемызэгъыу фадэ къыщIэзыгъэкIхэм я мазакъуэу, апхуэдэхэр зыхъумэхэмрэ къезышэкIхэмрэ. Апхуэдэ Iуэху зэрихуэу яубыдым ирагъэпшынуц сом мелуани 2-3 е илъэсищкIэ ягъэтIысынуц. 2017 гъэм и фокIадэм хабзэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм хагъэ ягъуэта нэужь, уголовнэ Iуэхуищ къэтIэтащ, 2-м зи гугъу тщIы фадэхэм хуэдэ яхъумэу, ещанэм кьришэкIыу, - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм лиценз1э тынымкIэ и къудамэм и унафэщI **Мыз Рустам** жиIащ: «2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий и унафэкIэ республикэ комиссэ къызэдгъэпэщауэ щытащ промышленнэ хьэпшыпхэр хабзэм къемызэгъыу зэрызэрагъакIуэр къызэпыудынымрэ теухрауэ. Абы хэтщ КъБР-м и Правительствэм щылажьэхэр, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэр, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ыр, КъБР-м и МВД-м, Роспотребнадзорым, ФАС-м, УФМС-м, нэгъуэщI Iэнатlэхэми я лIыкIуэхэр, - жиIащ Мызым. - 2017 гъэм и ещанэ мазищым комиссэм хэтхэм къызэщIакъуэжащ хабзэм къемызэгъыу ящ1, ящэ фадэр къыщIэгъэщынымкIэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэр, апхуэдэуи ильэсым и кIэм ирагъэкIуэкIыну зэIущIэм щагъэзыхунущ 2018 гъэм нэхъыщхьэ гъэзэнымкIэ щIэпсэлъауэ Роспотребнадзорым и управленэу КъБР-м щыIэм и эксперт нэхъыщхьэ **Балъкъэр Мурат**. Хабзэр къызэпемыгъэудынымкIэ Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт республикэ комиссэм зэхэту 2017 гъэм и къалэнхэм зэрыпэльэщамрэ 2018 гъэм зэлэжьыну ягъэбелджылымрэ я гугъу ищIауэ республикэ комиссэм жэуап зыхь и секретарь **Джылахьстэн Iэминат.**

БАГЪЭТЫР Луиз.

Урысей Федерацэм и Президентыр зэрыхахынум теухуа интернет-олимпиадэм хэтынухэр КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм ирагъэблагъэ

КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав дыгъэгъазэм и 8-м яхуэзащ интернет-олимпиадэм и кIэух Iыхьэм хэтынухэм.

ИНТРНЕТ-олимпиадэр УФ-м и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэмрэ хэхыныгъэмкIэ технологиехэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущ1апIэхэм я класс нэхъыжьхэм щIэсхэр ухуегъэджэныкIэ урысей центрымрэ зэщIыгъуу къызэрагъэпэщащ икIи ар теухуащ УФ-м и Президентыр зэрыхахынум.

Интернет-олимпиадэр зэхаублащ хэхакIуэхэм я правовой зэхэщIыкIым хагъэхъуэн, Урысей Федерацэм и Iыхьэм хэхыныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр нэхъ нэсу дагъэкIын мурадкIэ.

Олимпиадэм и кIэух Iыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэкIэ хэтынущ класс нэхъыжьхэм щеджэхэм ящ1ыщу щIалIт: Айбазов Павелрэ (10-нэ класс, «ДыгъафIэ къалэ» сабий академие) Къамбий Нурланрэ (11-нэ класс, Налшык къалэм дэт лицей №2).

ЗэIущIэм апхуэдэу кърагъэблэгъат а щIалитIыр олимпиадэм хуэзыгъэхьэзырахэу Урысейм и МВД-м Краснодар дэт и университетым и къудамэу МВД-м и лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм щIахагъахъуэ Кавказ Ищхъэрэ институтым хабзэхъумэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ и кафедрэм и доцент Тенджизэ Ж., «ДыгъафIэ къалэ» сабий академием щIэныгъэ гуэдзэн щезыгъэгъуэт егъэджакIуэ Беккиевэ Ж. сымэ.

Джэш Вячеслав олимпиадэм хэтыну школакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ икIи абыхэм увыпIэ лъагэхэр яубыдыну зэрыщыгугъыр жиIащ.

ЗэIущIэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ УФ-м и Президентыр 2018 гъэм щыхахкIэ къагъэсэбэныну законодательствэм щIэуэ халъхьахэм, олимпиадэм нэхъыбэу къыщIэтынкIэ хъуну Iуэхуэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Къэралпсо Iуэху

«Лъэпкъхэр куэд мэхъу - хэкур зыщ»

Апхуэдэ къыхуедэжныгъэм щIэту Къэбэрдей-Балъкъэрым иджы етIуанэу щекIуэкIащ ЭтнографиемкIэ урысейпсо диктант иныр. Къэралпсо акцэр къызэрагъэпэщыным, ар къызыхуэтынэу щIыпIэхэм щегъэкIуэкIыным я зэфIэкI ирахьэлIащ УФ-м Iуэхущ1апIэ и Къэбэрдей-Балъкъэрым и федеральнэ агентствэм, «Антропологхэмрэ этнологхэмрэ я ассоциацэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм, Удмуртие Республикэм Лъэпкъ IуэхуэмкIэ и министерствэм, КъБР-м Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ и управленэм я Iэщ1ахъэлIхэм.

УФ-М и Конституцэм и махуэм ирихьалIэу хэплъэжащ диктантым кърикIуахэм. Ди гуапэ зэрыхъунщи, Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэуащ ар нэхъыфI дыдэу зытхыфа щIыналъитхум. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, ди республикэм щIопсэуэхэм еплIанэ увыпIэр къахьащ этнографие диктантымкIэ. НэхъыфIу къалъитахэм апхуэдэу яхэтщ Ингушэ, Тэтэрстан, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэр.

ЭтнографиемкIэ урысейпсо диктант иныр мы гъэм щекIуэкIащ УФ-м и щIыналъэ 85-м къыщыхуэзрагъэпэща щIыпIэ 2600-м. Псори зэгъусэу къапщтэмэ, абы хэтащ цIыху мини 167-рэ. Къынэмыщ1ауэ, Интернетым и онлайн Iэмалыр кьагъэсэбэпу, диктантыр ятхащ цIыху мин 200-м щIигъум. Ар хуэди 5-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэрей бжыгъэм ебгъапщэмэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу 2016 гъэм къэпщытэныгъэм кърихьэлIар цIыху 802-рэ хъууэ щытамэ, мыгъэрейм цIыху 1448-рэ хэтащ.

Къэралпсо этнографие къэпщытэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэр УФ-м щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэхэр, щэнхабзэхэр джыным гупльытэ хэха хуегъэщIынырт, а IуэхугъэхэмкIэ цIыхухэм ябгъэдэлъ щIэныгъэр наIуэ къэщIынырт. А пщэрылъхэм жэуаплыныгъэ ин зыхащIэу щыбгъэдыхьащ ди республикэм. Этнографие диктантыр щытхьыным хуэщIа утыку 17 къыщызэрагъэпэщащ республикэм. Абыхэм екIуэлIахэм дакъикъэ 45-м къриубыдэу жэуап иратын хуейт диктантым кьигъэув упщIэ 30-м. Абыхэм ящыщу упщIэ 20-р щызэщхьт Урысейм зэрыщыту, къэна упщIи 10-р щыналъэхэм, лъэпкъхэм я тхыдэм, хабзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм пыщIат.

Диктантым хэтащ къэрал, щыпIэ властхэм, щIэныгъэ Iэнатlэхэм, жылагъуэ, лъэпкъ, творческэ зэгухьэныгъэхэм я Iэщ1агъэлIхэр, лIыкIуэхэр. Нэхъыбэу абы хэтар республикэм и школакIуэхэмрэ студентхэмрэщ.

Лэжьыгъэр пэжу зыгъэзэщIахэм кьахьыфащ балл 30. Абы кьрикIуахэр кьыщапщытэжым, нал1э хъуащ диктантыр зыгъэзэщIахэм кьахьар эхэплъытэмэ, ар ику иту балл 17,38-рэ зэрыхъур. Ди гуапэ зэрыхъуци, Къэбэрдей-Балъкъэрым ику иту кьыщ1ахьыфащ балл 21,86-рэ.

Мы гъэм япэу этнографие диктантыр ятхащ СНГ-м хьыхь я къэрал зыбжанэм щIипсэу ди лъахэгъуэхэми. Аксцэм нэхъ жыджэру хэтахэм ящыщщ Кьыргъызым, Таджикистаным, Молдовэм щIэхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Тхылъыщ1э

УсэкIэ мыхъумыщ1агъэмрэ фэрыщ1агъымрэ изыгъэкIуэт



Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Джатокъуэ Юрэ иджыблагъэ дунейм къытригъэхьащ «ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ» зыфIищащ тхылъыр.

Хуэмыщу щытмэ IыкIым къуэфI,
Ар имыуасэ тхьэрыкъуэф.
(«ЛIыкIым»).

Джатокъуэ Юрэ и сатыр пIакIуэхэр сабийми балигъми я дежкIэ щIэщыгъуэщ икIи зэгъэщIагъуафIэщ. Аращ абыхэм ящыщ зыбжанэ 5-8-нэ классхэм щрагъэдж адыгэ литературэм и хрестоматие-учебникым щIрагъэхуар.

Иджыблагъэ дунейм кьытехьа «ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ» тхылъым, и усэхэм къыщыхэмыщIауэ, итщ Джатокъуэм псалъэ гуапэ куэд хужьзыIа тхакIуэ, усакIуэ, критик цIэрыцIуэхэу Шэвлокъуэ Пётр, Нало Заур, Къэрмокъуэ Хьэмид, Тхьэгъэзит Зубер, Уэрзэй Афлик сымэ газетхэмрэ журналхэмрэ къытрагъэдзауэ щыта тхыгъэ купщIафIэхэр.

АуанущI къыдэкIыгъуэ зыбжанэ зи Iэдакъыщ1экI Джатокъуэ Юрэ и дежкIэ мыр еплIанэщ. Нэхъапэм абы дунейм къытригъэхьащ «Лъэмык нэпцI» (1995), «Аркъэн» (2001), «Джэрпэджэж» (2009). Къищынэмыщ1ауэ, Юрэ и сатыр пIакIуэхэр адыгэбзэрэ урысибзэкIэ къытрадзащ «Адыгэ псалъэ», «Маяк» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Нур», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиомрэ телевиденэмкIэ къатащ.

Усэ тхыным къыдэкIуэу, абы къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуи ирегъэкIуэкI. Аращ къыз1ыхэкIар Къэхъун курыт еджапIэ №1-м и къекIуэлIыкIамрэ нобэмрэ теухуа «Первая Кахунская» тхылъыр 2007 гъэм къыдигъэкIыныр. Илъэс зыбжанэ дэкIри дунейм къытригъэхьащ «Джатокъуэ лъэпкъым и щIэнгъуазэ» («Фамильная энциклопедия рода Гетоковых») къыдэкIыгъуэр.

Джатокъуэ Юрэ гъащIэм гукъыдэжьышхуэ хуиIэщ. Щэч хэлъкъым абы и къалэмыпэр дунейм и мыхъумыщIагъэхэм дяпэкIи зэрыпэщIигъэтынум икIи и «ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ» куэдым къаззрыхуэщ1ыхьэпэнум.

ХЬЭТАУ Испъам.

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

Парт билетхэр ират

Дыгъэгъазэм и 12-м, УФ-м и Конституцэм и махуэм, «Урысей зэкъуэт» партым Дзэлыкъуэ районым щIэ къудамэм хагъэхьагъащIэ цIыхуиплIым парт билетхэр ираташ.

«Водоканал» ООО-м и унафэщI Бжьахъуэ З., Дзэлыкъуэ къуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэщ1агъэлI Мамбэт М., Къамылыкъуэ къуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Тхьэбысым С., Дзэлыкъуэ районым и щIыпIэ администрацэм финансэмкIэ и управленэм и нэхъыщхьэ ХъуэкIуэн М. сымэ я парт билетхэр яритыжащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым Дзэлыкъуэ районым щIэ къудамэм и секретарь, районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Джатэ Руслан.

ЩОКЪУИЙ Iэминэ,
Дзэлыкъуэ районым и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и пэжьакIуэ.

● Зэпеуэ

«СурэтыщI ныбжьыщIэ-2018»

ХудожествэзэмкIэ урысей академием хэту Москва щIыпIэ академическэ художественнэ лицейм УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ «Евразие художественнэ зэгухьэныгъэ» щIыналъэ щыпсэу Iуэхущ1апIэмрэ и дзэпыкъуэгъуэу ирегъэкIуэкI «Сурэтыщ1 ныбжьыщ1э - 2018» урысейпсо зэпеуэ. Абы хэт хъунущ зи ныбжьыр илъэси 9-18-м ит ныбжьыщ1эхэу художественнэ гупжьейхэм, студиехэм, школхэм изобразительнэ гъуэзджэм щыхуеджэхэр, езыр-езыру а Iуэхум зыхуэзыгъэсэжхэр.

Зэпеуэр Iыхьит1у зэхэтщ: заочнэрэ (2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 10-м щегъэжьауэ 2018 гъэм щ1ышылэм и 20 пщIондэ) очнэу (2018 гъэм гъатхэпэм и 26-31 махуэхэм). Ар екIуэкIынущ сурэт, живописэ (е скульптурэ), композицэ, эскиз архитектурэ, дизайн проект унэтIыныгъэхэмкIэ.

Зэхьэзэхуэм хэтынухэр я ныбжькIэ зэщхьэщ1ахуэу щытынущ:

- ялэ гуп - илъэси 9 -11;
- ет1уанэ гуп - илъэс 12 -13;
- ещанэ гуп - илъэс 14 -15;
- еплIанэ гуп - илъэс 16 -18.

Зэпеуэм щытекIуахэм щIыхь тхылъхэр, ахъшэ саугъэтхэр, тыгъэхэр хуагъэфэщэнущ.

Ар зэрекIуэкIыну щIыкIэм щыгъуазэ зыщыхуэфащIыфынущ мы сайтым: http://www.art-lyceum.ru/.

«КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

«Лъэпкъ узыншагъэмкIэ зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ Iуэхущ1апIэм КъБР-м щиIэ къудамэм «Ёзым и фIэфыныгъэкIэ Iуэхум пэрыхьэ Урысейм и цIыху-2017» къэрал зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм текIуэныгъэр къыщIыхьащ «Волонтёр нэхъыжьхэм яхуэгъэзэа проект нэхъыфI» унэтIныгъэмкIэ.

ЗЭПЕУЭМ кьрикIуам ипкъ иткIэ, Iуэхущ1апIэм и унафэщI, КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и гинекологэ нэхъыщхьэ Къэмбэчокъуэ Заретэ ягъэкIуащ урысейпсо форумым. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэ 85-м къыкIауэ волонтёр 2000-м щIигъу.

«Лъэпкъ узыншагъэмкIэ зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ Iуэхущ1апIэм КъБР-м щиIэ къудамэм текIуэныгъэ къыдэхуащ «Узынщагъэм ухуэзыщэ Iыхьэ бакъуэ мини 10» проектыр, Налшык и ЦIыхубзхэм я советымрэ КъБР-м и Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэмрэ я лIыкIуэхэр волонтёру зыхэтар, Москва къалэм щагъэзэщIащ, апхуэдэуи нэгъуэщI щIыналъэхэми ар гъэщIэгъуэн ящыхьащ.

- ЦIыхум и узыншагъэр зыхуэдэнэр, абы и гъащIэм и кIыхьагъ хъунур процент 15-кIэ и генетикэм, процент 85-кIэ хъэзыгъхьреихь дунейм еIыпташ - нэгъуэщI жыпIэмэ, ишхым, спортым зэрыдихьхым, хэлъ хьэл-щэным, нэгъуэщIхэми. Дэтхэнэ зыщи жыжьэру гъащIэ узынщэ зэрыриухьэкIыным хущIэхъун хуейщ, - жиIащ форумым къыщыщIыпсалъэм УФ-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр Скворцовэ Вероникэ.

ФедерацэмкIэ Советым и тхьэмадзэм и къуэдзэ Кареловэ Галинэ хъыхигъэщащ зэман гъунэгъуэм къриубыдэу федеральнэ законым волонтёрхэм ятеухуа хабзэ щыдэхуэ зэрыхагъахьэнур.

Форумыр концерткIэ зэхуащIыжащ. Абы Урысей Федерацэм и Президент Владимир Путин щыжиIащ 2018 гъэр Волонтёрхэмрэ езым и фIэфыныгъэкIэ Iуэхум пэрыхьэ цIыхухэмрэ я илъэсу зэрыщытынур.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Узыншагъэ

ЗэфIэкI ин ягъэлъагъуэ

● Пщ1эну щхьэпэщ

Хъумап1э банкым и Iэмалхэм хегъахъуэ

Гъэм и кIэухым, зэрыхабзэщи, цIыхуэхэр хущIокъу къыхуащIа Iуэхутхьэзэхэм папщIэ къатехуахэр япшыныжу ИлъэсыщIэм щIыхуэнщэу техьэну. Абыкъэ хэкIыпIэфIщ Хъумап1э банкым и Iэмалхэр. Аращ зыщIыхуэдгъэзэар а Iэнатlэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафIэщым и къуэдзэ Бетыгъуэн Залинэ.

- КъаIэрыхьа Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр я деж щатыфын папщIэ Хъумап1э банкым цIыхуэхэр сыт къызэрыдихьэхыр?

- Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр нэхъ тыншу цIыхуэхэм ятыфын папщIэ Хъумап1э банкым сыт щыгъуи куэд елэжь. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Сбербанк-Онлайн, терминал, мобильнэ гуэдзэн, Автоплатёж, уасэхэр щат щхьэгъубжэ Iэмалхэр. Абыхэм дэтхэнэми дакъикъэ бжыгъэ ихьу аращ. Кьалэм и щIыпIэ зыбжанэ зэпыбупщIу зэманри кьарури умыгъэкIуэну, уи пIэм уиису, уасэхэр пту хъунущ жьп телефоныр е компьютерыр кьэбгъэсэбэну.

- Штрих-кодкIэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр пту хъуну зэхэсхащ. Сыт ар зищIысыр?

- Ар Iэмалыщ1экъым, атIэ илъэс зыбжанэ хъуауэ къыдогъэсэбэп. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, цIыхуэхэр абы нэсу щыгъуазэкъым, иджыри къэс жьым тету уасэхэр ят, реквизитхэр Iэкъ дэфтэрхэм иратхэрэ. Зи гугъу пщIы Iэмалым и фIагъэщ хуащIа Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр тыншу ятыфын папщIэ ар зэхьэлIа Iуэхущ1апIэм и реквизитхэр штрих-кодкIэ я квитанцым зэрытридзэр. Хъумап1э банкым и операторым ар компьютерым дельхьэри, секунд бжыгъэм кърегъаджэ. Квитанцхэр зытх республикэм и Iуэхущ1апIэ куэдым - налог инспекцэм, ГИБДД-м, суд приставхэм я къулыкъум, къызыхутыншэу зэгъэзэхуэжьынымкIэ фондым, газымрэ уэздыгъэмрэ къэзыутIыпщхэм, нэгъуэщIхэми, я штрих-кодхэр абыхэм трагъэувэ икIи псоми я Iуэхур тынш ящI. Къапщтэмэ, Хъумап1э банкым ахэр зытет квитанцэмкIэ ахъшэр щыпхьбгъэкI хъунущ смартфонымкIэ (Сбербанк-Онлайныр пыдзамэ), терминалымкIэ, уасэхэр щыIах щхьэгъубжэмкIэ. Абы щыгъуэми, къыхэзгъэщынут: штрих-кодыр зэрытетым щхьэкIэ ят ахъшэр нэхъыбэ хъуркъым.

Штрих-кодыр къэбгъэсэбэпу Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр зэ нэхъ мыхъуми фта иужькIэ, реквизитхэр Iэкъ фтхьну афIэкIа зэи фыхуеижьынукъым.

Епсэльар
КъАУДЫГЪУ Заурщ.